

BAB V

KACINDEKAN JEUNG RÉKOMENDASI

5.1 Kacindekan

Tina hasil panalungtikan bisa dicindekkeun sababaraha hal saperti nu dijéntrékeun ieu di handap.

- 1) Kamampuh awal (pratés) siswa kelas VII A SMP Negeri 15 Bandung dina nulis karangan narasi téh katangén rata-rata peunteunna nya éta 61,13. Tina 30 jumlah siswa, nu mampuh nulis karangan narasi luyu jeung Kritéria Ketuntasan Minimal (KKM) aya 6 urang, sedengkeun siswa anu can mampuh nulis karangan narasi luyu jeung KKM jumlahna aya 24 urang. Hal ieu nuduhkeun yén sacara umum siswa kelas VII A masih kénéh can mampuh dina nulis karangan narasi.
- 2) Kamampuh ahir (pascatés) siswa kelas VII A SMP Negeri 15 Bandung dina nulis karangan narasi téh katangén rata-rata peunteunna nya éta 72,07. Tina 30 urang jumlah siswa, nu mampuh nulis karangan narasi luyu jeung Kritéria Ketuntasan Minimal (KKM) aya 21 urang, sedengkeun siswa anu masih kénéh can mampuh dina nulis karangan narasi luyu jeung KKM aya 9 urang. Hasil pascatés ieu mangrupa hasil tés sabada dibéré perlakuan (*treatment*) ngagunakeun média komik.
- 3) Aya béda anu signifikan antara kamampuh awal (prates) dina nulis karangan narasi jeung kamampuh ahir (pascatés) sabada dilakukeun perlakuan

(*treatment*) ngagunakeun média komik. Hal ieu katitén tina hasil uji hipotésis data pratés jeung pascatés anu nuduhkeun yén $t_{itung} > t_{tabel. =6} > 2,43$ ku kituna hipotésis kerja (H_a) ieu panalungtikan nya éta média komik téh éféktif pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis karangan narasi siswa kelas VII A SMP Negeri 15 Bandung taun ajaran 2011/2012 téh kabukti.

- 4) Pangajaran nulis karangan narasi ngagunakeun média komik téh éféktif pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis karangan narasi siswa kelas VII A SMP Negeri 15 Bandung.

5.2 Rékoméndasi

Nilik kana hasil ieu panalungtikan, aya sababaraha saran anu ditujukeun pikeun sababaraha pihak anu mudah-mudahan bisa ningkatkeun deui kamampuh siswa dina nulis karangan, hususna karangan narasi.

1) Pikeun Siswa

Siswa kudu bisa ningkatkeun deui kamampuh nulisna, sabab kamampuh nulis mangrupa salasihiji aspék kaparigelan basa anu bisa ningkatkeun kamampuh tur poténsi nu aya dina dirina.

2) Pikeun Guru

Guru kudu leuwih kréatif jeung inovatif dina milih média dina prosés pangajaran, nepi ka bisa ngirut panitén siswa. Média komik bisa jadi salasihiji média anu hadé pikeun ngirut panitén siswa, nu ahirna bisa ngaronjatkeun kamampuh diajar siswa.

3) Pikeun Lembaga Pendidikan

Lembaga sakola kudu bisa ngarojong sakabéh aspék anu mangaruhan kana kamekaran proses pangajaran, ku cara leuwih ngalengkepan sarana jeung prasarana pikeun prosés pangajaran.

4) Pikeun Komikus

Para komikus dipiharep teu ngan saukur nyieun komik-komik anu gunana pikeun hiburan wungkul, tapi ogé bisa nyieun komik anu eusina matéri-matéri pangajaran, atawa carita lokal di Indonésia, hususna carita lokal ti daérah Jawa Barat anu beunghar ku rupa-rupa carita, saperti dongéng sasakala, fabél, mite, sagé, jeung babad, nu bisa dipaké pikeun bahan ajar.

5) Pikeun Pangarang jeung Penerbit Buku

Pangarang jeung penerbit buku dipiharep bisa leuwih variatif dina nyieun buku, teu kitu-kitu waé nepi ka ngabosenkeun siswa, tapi ogé kudu bisa ngirut panitén siswa.

6) Pikeun Widang Paélmaan

Ieu hasil panalungtikan dipiharep bisa ngeuyeuban widang paélmaan, hususna pikeun ngamotivasi panalungtik-panalungtik séjénna.